



IMIGABO N'IMIGAMBI MIKURU MIKURU

**UMUGAMBWE
CNDD-FDD**

**UTEGEKANYA
MU GUTUNGANYA
IGIHUGU
MURI IYI MYAKA
INDWI**

2020 - 2027

**IMIGABO N'IMIGAMBI MIKURU
MIKURU Y'UMUGAMBWE
CNDD-FDD UTEGEKANYA MU
GUTUNGANYA IGIHUGU MURI
IYI MYAKA INDWI (2020-2027)**



O. INTANGAMARARA

Mu myaka icumi n'itanu Umugambwe CNDD-FDD umaze urongoye igihugu c'Uburundi wararanguye imigambi myinshi wari wariyemeje kuva uja ku butegetsi mu mwaka w'2005.

Mur'iyi myaka indwi igiye gukurikira, imigabo n'imigambi y'Umugambwe CNDD-FDD igiye gufatira ku mugambi munini w'iterambere ry'umugambwe w'2017 gushika mu mwaka w'2031. Uwo nawo ukaba wakomotseko umugambi w'iterambere w'igihugu wo kuva mu 2018 gushika 2027.

Umugambwe CNDD-FDD ugiye kurangura ibi bikurikira:

I. UMUTEKANO

- 1** Gukomeza inzego z'ukwivuna abansi n'umutekano zikingira imbibe z'igihugu n'umutekano w'abenigihugu;
- 2** Gukangurira abenegihugu kumenya ko ivy'umutekano wabo na bo bibega ;
- 3** Gukomeza uruhara rw'inzego zo kwivuna abansi niz'umutekano mw'iterambere ry'igihugu no gukingira ibidukikije ;
- 4** Gushigikira amahoro n'umutekano kumbuga mpuzamakungu mu kurwanya imirwi y'iterabwoba n'iyihungabanya umutekano w'ibihugu.

II. UBU TUNGANE

5

Gukomeza ubutungane butunganiriza bose abakuru n'abato, buca imanza kw'izina ry'abenegihugu, ubutungane bushira imbere kunywanisha abenegihugu bose kuruta guhana ;

6

Kurwanya kudahana ivyaha ;

7

Gukinga no kurwanya ihonyabwoko n'amabi arikomokako ;

8

Guhasha icaha co guhemukira igihugu na cane cane ico gukora ibihushane y'ivyo Leta n'abenegihugu bakujeje ;

9

Gukomeza ibikogwa vy'ubutungane bunywanisha(CNTB, CVR) kugirango abarundi bareke kuba imbohe y'akahise kabi.

III. DEMOKARASI N'INTWARO IBEREYE

10

Kubandanya guhimiriza abenegihugu bose, abakuru n'abato gukunda igihugu no gutunganya neza ivyaco arivyo rwabo ;

11

Gutsimbataza demokarasi ishingira ku mico, imigenzo n'akaranga vy'Uburundi ;

12

Gukomeza Reta yegereye Abenegihugu kandi ibatunganiriza kugira babe koko isoko n'inkingi vy'inzego za Demokarisi n'iterambere;

13

Kubandanya guhimiriza abenegihugu kurwanya igiturire n'isesagurwa ry'itunga rusangi kikaba igikogwa cabo ca minsi yose.

IV.1 Amagara y'abantu

14

Kubandanya gutungariza neza abenegihugu ibijanye n'amagara y'abantu n'isuku;

15

Gukomeza ukworohereza abenegihugu gushikira aho bivuriza hafi no kuronka imiti ikwije ibisabwa;

16

Gukurikiranira hafi irwirirana ry'abantu kugirango ribe koko isoko ry'amagara meza n'iterambere;

17

Kugwiza no gukwiragiza amazi meza kuri bose.

IV.2 Gutegekanya kazozza k'abenegihugu

18

Kubandanya gutunganya neza poritike y'integabizoza ku benegihugu kugira ngo kazozza kabo kabe keza kurusha.

19 Ishira imbere akanovera k'inyigisho zitangwa mu mashule ;

20 Kugwiza mu mashure inyigisho z'ubuhinga n'imyuga igihugu gikeneye;

21 Gushishikarira no gushigikira ubushakashatsi kugira bugire uruhara rukomeye mw'iterambere ry'igihugu;

IV.3 Kugwanya ubushomeri mu gihugu

22 Gutera intege abenegihugu cane cane urwaruka n'abakenyezi bafise imigambi n'abari ku kivi mu ntumbera yo kurwiza akazi n'umwimbu;

IV.4 Uburaro bwiza

23 Guhimiriza abenegihugu kuba hamwe mu bigwati no kurwiza uburaro bwiza ;

24 Gutunganya neza ibisagara bibini na bitobito ;

IV.5 Ibidukikije

25 Kugwiza no guhimiriza ikoreshwa ry'ubuhinga butonona kandi bikingira ibidukikije mu bisata vyose vy'ubuzima bw'igihugu n'abegihugu;

26

*Gushingira ku mico n'imigenzo vy'abarundi mu
gutezimbere ibisata binyuranye vy'igihugu no guteza
imbere inkino.*

V. UBU TUNZI

V.1 Uburimyi n'ubworozi

27

*Gutunganya neza uburimyi n'ubworozi mu ntumbero
yo kugwiza umwimbu w'ibiterwa mbumbarugo na
njabukamazi n'uw'ubworozi ;*

28

*Gukomeza amakoperative yo kugwiza, guhingura,
kubika no gushora umwimbu nayo gukingira
ibidukikije ;*

V.2 Ubutare n'amasonko ntanganguvu

29

*Kubandanya ubushakashatsi kugira tumenye ubutare
igihugu gifise, gucukura no guhingura ubumaze
kumenyekana ;*

30

Kugwiza amasonko ntanganguvu ;

V.3 Ubudandanji, ingenzi n'amahingiriro

31

Gutunganya neza ivy'amahinguriro, ubudandaji no gushigikira abanyamatahe ;

32

Guteza imbere igisata c'ingenzi ;

V.4 Kwunguruza abantu n'ibintu

33

Guteza imbere igisata co kwunguruza abantu n'ibintu n' ikoreshwa ry'ubuhinga bwa none mu bisata vyose vy'ubuzima bw'igihugu

VI. IMIGENDERANIRE NO GUFASHANYA N'AMAKUNGU

34

Guhesha izina Uburundi mu makungu biciye mu migenderanire ishimikiye kukuzuzanya, kugutsimbataza umwumvikano hagati y'Uburundi n'ibihugu no hagati y'Uburundi n'amashirahamwe atandukanye;

35

Gukomeza guhamagarira abarundi bari mu mahanga kugira uruhara mu migambi yo guteza imbere uburundi



TORA

EVARISTE NDAYISHIMIYE

**TURI KUMWE TWESE
BIRASHOBOKA**